

Se premye jou lekòl. Mwen gen bèl inifòm.
 Mwen ri byen fò.
 Mwen santi m fyè, fyè, fyè !





Lè mwen tounen lakay, Grann mwen wè m ap kriye.
 Li anbrase m. M santi m renmen l, renmen l, renmen l

Mwen mache al lekòl. Mwen kontre bon zanmi m.
 Nou sote ponpe. M santi m kontan, kontan, kontan



Mwen bat men mwen. Tab la fasil, mwen pa fé fot.
 Mwen bat men mwen. M soulaje, m soulaje.





Santiman, nou tout gen sa. Yo pa ni bon ni move!
Chak jou m gen anpil santiman!


Santiman



Lakou
Kajou

©2023 dwa d otè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Yo rele m pou m resite. Mwen panse m ka fè fot.
Kò m vini red. M santi m enkyè, - kyè, - kyè.



Mwen rive nan lekòl la. M pa konn pwofesè a.
Vant mwen bouyi. Mwen santi m pè, pè, pè.

